**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ**
**ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**
(Минобрнауки)

**НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН**
**ДЕШАРАН А, IИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО**

**ПРИКАЗ**

27.09.2022 № 1383-п

г. Грозный

**Об утверждении**
**контрольных измерительных материалов**
**по чеченскому языку, кодификатора**
**и спецификации к ним**

В соответствии с Порядком проведения государственной итоговой аттестации по образовательным программам основного общего образования, утвержденным приказом Министерства просвещения Российской Федерации и Федеральной службы по надзору в сфере образования и науки от 7 ноября 2018 года №189/1513,

ПРИКАЗЫВАЮ:

1. Утвердить:

– демонстрационные варианты контрольных измерительных материалов для проведения основного государственного экзамена по чеченскому языку обучающихся, освоивших основные общеобразовательные программы основного общего образования (нохчийн меттан пачхьалкхан коьрта экзаменан талламан-лараран коьчалийн демоверсиш), согласно приложению № 1;

– кодификатор проверяемых требований к результатам освоения основной образовательной программы основного общего образования и элементов содержания для проведения основного государственного экзамена по чеченскому языку (нохчийн меттан пачхьалкхан коьрта экзамен д1айахьарна лерина чулацаман элементийн а, дешархой кийча хиларан т1ег1анан лехамийн а кодификатор) согласно приложению № 2;

– спецификацию контрольных измерительных материалов для проведения основного государственного экзамена по чеченскому языку обучающихся, освоивших основные общеобразовательные программы основного общего образования (2023 шарахь нохчийн меттан пачхьалкхан коьрта экзамен д1айахьа лерина талламан-лараран коьчалийн спецификаци), согласно приложению № 3.

2. Контроль за исполнением настоящего приказа оставляю за собой.

Министр Х-Б.Б. Дааев

Приложение № 1
к приказу Министерства образования и науки
Чеченской Республики
от «27» 09 2022 г. № 1383-п

## 1 ДЕМОВЕРСИ

### Болх кхочушбаран инструкци

Экзаменационни болх кхаа декъах лаьтташ бу, шена чохь 9 тӀедиллар а долуш.

Нохчийн меттан экзаменационни болх кхочушбарна луш 3 сахьт 55 минот хан йу (235 минот).

1-чу декъана йукъадогӀу цхьа тӀедиллар. Иза **ладоьгӀначу текстан буха тӀехь** билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбен жима йозанан болх бу. Тексте шозза ладугӀу.

И тӀедиллар кхочушдо къаьстинчу кехата тӀехь.

2-гӀа дакъа лаьтта 7 тӀедилларх (2-8). 2-чу декъан кхо тӀедиллар кхочушдо **йешначу текстан буха тӀехь**.

2-8-чуй тӀедахкарийн жоьпаш дӀайаздо дешан (дешнийн цхьаьнакхетаран), терахьан, терахьийн хьалха-тӀаьхьаллин кепехь белхан текстехь жоп йаздан билгалйинчу меттехь.

Нагахь 2-чу декъан тӀедахкаршна нийса жоп ца йаздинехь, цунна тӀе сиз хьаькхий, йуххехь керла жоп дӀайазде.

3-чу декъан тӀедиллар кхочушдо 2-чу декъан тӀедахкаршца айхьа болх беш **йешначу текстан буха тӀехь**.

3-чу декъан болх болош, далийнчу кхаа тӀедилларх (9.1, 9.2 йа 9.3) **цхьаъ** харжа. Оцу тӀедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло.

И тӀедиллар кхочушдо къаьстинчу кехата тӀехь.

Экзаменехь бакъо ло орфографически лугӀатах пайдаэца.

ТӀедахкарш кхочушдеш, черновиках пайдаэца мегар ду. Белхан мах хадош, черновик тӀехь дина йозанаш лоруш дац.

Ахь кхочушдинчу тӀедахкаршна йаьхна йерриге а баллаш вовшахтуху. Хьайн ма-хуьллу дукха тӀедахкарш кхочушдан а, баллаш йаха а хьажа.

**Дала аьтто бойла!**

### 1 дакъа

| |
|---|
| ***Тексте ла а догӀий, къаьстинчу кехата тӀехь 1-ра тӀедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тӀедилларан лоьмар дӀайазйе, цул тӀаьхьа – йозанан болх.*** |

1

Тексте ла а догӀий, жима йозанан болх кхочушбе.
Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хӀора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.
Йозанан белхан барам 50 дашал кӀезиг хила ца беза.
Нагахь ладоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгӀна текст йелахь, оцу белхан мах **ноль баллаца** хадабо.
Жоьпаш терахьашца билгалдаха.
Хаттарш къаьстинчу кехата тӀе схьайаздан ца оьшу.
Йозанан болх кхочушбе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. ХӀун хуьлура Ахьмадан бешарчу хӀора дитта тӀехь бес-бесара?
2. Оцу бешана герга кхаьчча, хӀун дан дог догӀура нехан?

3. ХӀунда дитина Ахьмада некъан йистехьа ринжа?
4. Йуьртарчу бераша а муха гӀуллакх дора Ахьмадан бешахь?
5. Бешана гонахарчу дитташ тӀе хӀун дӀатардора цара?

**2 дакъа**

***2-8 тӀедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дӀайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тӀаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***
ДӀайеша текст.

(1)Лаьмнаш тӀехьара схьакхетта малх дикка лакхабаллалц Ӏийра тхойша чӀерий лоьцуш. (2)Хьалалаьцча, лаьттах а текхаш, доккха ши кочар дара лецна чӀерий. (3)Царах дукхахдерш ша лецна делахь а, нийсса шина декъе дийкъира Асвада чӀерий, ша иза гуттара деш ма-хиллара. (4)Тхаьшшиннан мӀерий белшаш тӀе а деккина, чӀерийн цхьацца кочар кара а лаьцна, цӀехьа волавелира тхойша.

Нийса **грамматически лард** къастийнчу жоьнан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) Ӏийра чӀерий лоьцуш (1-ра предложени)
2) лаьттах а текхаш дара (2-гӀа предложени)
3) дийкъира Асвада (3-гӀа предложени)
4) кочар кара а лаьцна (4-гӀа предложени)

Жоп ____________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***
**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

ГӀалин урамашка бӀаьрг бетташ (1) вехха лийлира иза (2) хьалхарчу дийнахь. Леррина хьоьжура иза стигала леккха хьалаихна лаьттачу (3) таьллийн нийсачу магӀаршка (4) хазачу гӀишлошка. ГӀалахь дехаш (5) белхаш беш дуккха а (6) къаьмнех адамаш дуйла хиира Салманна.

4

***Синтаксически анализ.***
Предложенера **тӀедерзар** схьайазде.

**Бека хьо, лекхачу лаьмнийн мокхачу бердашна тӀеханий, къоркхокха!**

Жоп ____________________________________________

5

***Орфографически анализ.***
Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **ЦАХЬАЬЖНА** – «*ЦА*» дакъалг дацаран маьӀнехь хандашца цхьаьна йаздо.

2) **КIО** – доьшуш доцу (шеконан) чаккхенгара «Н» ца йаздо цхьана дешдекъах лаьттачу билгалдешнийн йуьхьанцарчу кепехь.
3) **ПХИБIЕИСС** – хIоттаман терахьдешнаш цхьаьна йаздо.
4) **ЛАРВЕЛЛА-КХ** – чIагIдаран дакъалг «КХ» дешнашца дефисца йаздо.

Жоп ________________________________________________

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.***

(1)Лаьмнашкарчу кIотаран ишколехь доьшуш вара Ислам. (2)ХIокху шарахь пхоьалгIачу классе ваьллера иза. (3)Цуьнан да-нана даьхни лелош дара. (4)Суьйранна бен цIа ца догIура и шиъ, ткъа аьхка-м, цкъацкъа, мукъа деноii а доцуш, къахьоьгуш нислора церан.

(5)Ишколера цIавеанчул тIаьхьа Ислам, дукхахьолахь, шен дедеца Узумхьажица вуьсура. (6)Ислам ишта а вара дукха жима волуш дуьйна Узумхьажа волчохь вижар-гIаттар долуш кхиъна. (7)Воккхачу стага дукха къахьегнера Ислам жима волчу хенахь ша волчу марзвалийта гIерташ. (8)Шен сил дукха везара цунна кIентан кIант, цуьнан дуьхьа хIумма а кхоор доцуш. (9)Амма, цуьнца цхьаьна, Ислам ледара хилар ца дезара цунна цхьана а хIуман тIехь . (10)Гиллакхе, оьзда а волуш, вуьззина стаг хила лаьара Исламах.

(11)Узумхьажас кест-кеста, шена улле воккхий, гонахарчу лаьмнийн Iаламе вуьгура Ислам. (12)«Вало, ас Iаламца уьйр дIатосур йу хьан!» – олий, мало йоцуш, гонахарчу лаьмнийн Iаннашкахула, хьаннашкахула дийнахь сарралц шеца лелавора Ислам, меттигерчу Iаламан хазнаш йовзуьйтуш. (13)ХIетахь дуьйна чIогIа даг чу дижинера Исламна Iаламан дахар.

(14)Цхьана дийнахь говран ворданахь ирзошка ваханчуьра цIа вогIуш волу Узумхьажа а, Ислам а цхьана тамашийнчу хIуманан лаамза теш хилира. (15)ГIиргIа дара хIаваэхь олхазарна тIаьхьадаьлла, цунна кхерам туьйсуш лелаш. (16)ТIекхуьий зIок тухуш, дедча а ца долуьйтура цо иза. (17)Кхокха хиллера иза, цунах шен са дадийна лелаш. (18)ГIиргIанна хьалхара бада гIертара иза, амма дегIера гIора дIадаьллера. (19)Схьагарехь, цаьршиннан къийсам хIинцца болабелла бацара. (20)Шен гIаддайний хууш болу кхокха, рогIера гIиргIанан тIелатар ца лайна, Iункар-бертал чубеана, некъахойн вордан уллехь лаьтта охьабуьйжира, кхин ца гIатта. (21)Оцу хенахь, гIиргIа тIехула хьийзара, амма адамех къаьхкаш, охьадоьссина кхокханна тIедаха ца хIуттура.

(22)И сурт гуш, гIиргIанна дог этIаш волу Ислам, сихха вордан тIера охьаиккхина, кхокханна тIеведира. (23)Пекъар, иза-м гIиргIано цистина, хIуманна ца мегачу баьккхинера. (24)ДегIа тIехь ирча чевнаш йара. (25)МаьI-маьIIехь дегIа тIера цIий дара Iийдалуш. (26)Ислама караэцча, кхокхано, жимма тохабалар доцург, кхин дуьхьало а ца йира. (27)Схьагарехь, кхарна уллехь и охьабожар а ларамаза дацара. (28)Экха делахь а, цунна а дика ма хаьа, хьаьнгара шена кхерам бу, хьаьнгара бац.

(29)Кхокхано Исламан дог чIогIа Iовжийнера. (30)Дукха цунах къахетта, бIаьргах хи даьлла, кийрахь велхаран къурдаш деш, лаьттара иза. (31)Йуха, тIевогIуш деда а гина, бIаьрхиш цунах къайладаха гIоьртира иза. (32)Дедена ца дезара чIеIамаш бар. (33)Иза Исламна хууш долу дукха хан йара. (34)Ткъа Узумхьажина-м ишта а гуш дара кIентан холчухIоттар. (35)Иза цуьнан йуьхь тIехь йаздина дара. (36)И дерриге хууш волчу цо тIевеана, кхокханан хьоле хьаьжна, сих ца луш, элира:

– (37)Дуьххьара гучу хенахь ирча хуьлу чов! (38)Хьанна хилча а!.. (39)Делахь а, хIокхуьнан чевнаш, хьуна ма-моьтту, кIорга йац!.. (40)ТIехула тIе, керла йолуш хIинца а эгIа кхиъна а йац уьш! (41)Иза ду коьртаниг. (42)Цо гойту кхуьнан чевнаш сихха йоьрзург хилар.

(43)ДегI ма-дду цIий гича, кхеравелла хир ву хьо, кIант!.. (44)Шек дIа ма валахь, кхаа-деа дийнахь тобелла дIагIур бу хьан кхокха!

(45)Узумхьажин къамел хезча, Исламан ши бIаьрг хаалуш серлабелира. (46)Ткъа цунна хаьара, шен дедас бохург харц хуьлийла доций. (47)Иза цунах чIогIа тешара. (48)Узумхьажина и тайпа хьелаш хIора шарахь цкъа-шозза тIеIитталуш дара. (49)Цундела дахарехь дуккха а зеделларг долуш волу иза дукха цец а ца волура оцу балхах.

(50)Дика йевзара Исламна дарбане бецаш а. (51)КIорггера девзара цунна церан дахар а, цара цамгаршна бан йиш йолуш болу дарбанан тIеIаткъам а. (52)Дедегара Iеминера Исламна Iаламца паргIат къамел дан, дагардийца. (53)Узумхьажин дерриг дахар доьзна дара Iаламах. (54)Цунах дIахаьдча ша кIелвуьсур ву, олура цо.

(Саиев I.M.)

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХIун бахьана дара Исламан дог Iовжоран?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) ***Ишколера цIа веанчул тIаьхьа Ислам шен дедеца Узумхьажица висира.***
2) ***Дедас Узумхьажас дов динера кIентан кIантана.***
3) ***Лазийнчу кхокханах къахеттера Исламна.***
4) ***Ислама ишколехь «шиъ» даькххинера.***

Жоп ____________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсийн анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **эпитет** шеца йолу предложени билгалйаккха.

1) ***ДегIа тIехь ирча чевнаш йара.***
2) ***ХIетахь дуьйна чIогIа даг чу дижинера Исламна Iаламан дахар.***
3) ***ТIекхуьий зIок тухуш, дедча а ца долуьйтура цо иза.***
4) ***Йуха, тIевогIуш деда а гина, бIаьрхиш цунах къайладаха гIоьртира иза.***

Жоп ____________________________________________

8

***Лексически анализ.***

1-чу предложенера **«кIотаран»** бохучу дашна **синоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ____________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Толстойн Л.Н. **«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а метталех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.
Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.
Сочинени дIайоло мегар ду Толстойн Л.Н. дешнашца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах ходош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Цу тIехь йаздархочуьнца реза ца хила йиш йац …
2. ХIара тезис тIечIагIйеш, хьовсур вай ...
3. Масала, текстан ... предложенехь ...
4. Лакхахь далийнчу масалшка хьаьжча ...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенийн маьIнах: **«Схьагарехь, кхарна уллехь и охьабожар а ларамаза дацара. Экха делахь а, цунна а дика ма хаьа, хьаьнгара шена кхерам бу, хьаьнгара бац»**.
Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Йеллачу кийсакан маьIнах со иштта кхета ...
2. Сайн жамIаш тIечIагIдеш, ... предложенера (-шкара) масал далор ду ас.
3. ... предложенино (-еша) тIечIагIйо ойла ...
4. Дерзорехь билгалдоккху ...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **КЪИНХЕТАМ** бохучу дешан маьIнах? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.
Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Муха хила веза къинхетаме стаг?»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **Къинхетамах** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цlена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**
1. Къинхетам – иза ... Суна хетарехь, ...
2. Текстан авторо вайга ойла йойту...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тlечlагlйан лаьа ...
4. Цу тlера схьа жамl дан таро йу ...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

| **Тlедилларан лоьмар** | **Жоп** |
|---|---|
| 2 | 3 |
| 3 | 145 < йа > цу терахьийн муьлхха а кхин рогlалла |
| 4 | **къоркхокха** |
| 5 | 4 |
| 6 | 3 |
| 7 | 1 |
| 8 | **йуьртан < йа > эвлан** |

## 2 ДЕМОВЕРСИ

### Болх кхочушбаран инструкци

Экзаменационни болх кхаа декъах лаьтташ бу, шена чохь 9 тlедиллар а долуш.

Нохчийн меттан экзаменационни болх кхочушбарна луш 3 сахьт 55 минот хан йу (235 минот).

l-чу декъана йукъадогlу цхьа тlедиллар. Иза **ладоьгlначу текстан буха тlехь** билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбен жима йозанан болх бу. Тексте шозза ладугlу.

И тlедиллар кхочушдо къаьстинчу кехата тlехь.

2-гlа дакъа лаьтта 7 тlедилларх (2-8). 2-чу декъан кхо тlедиллар кхочушдо **йешначу текстан буха тlехь**.

2-8-чуй тlедахкарийн жоьпаш дlайаздо дешан (дешнийн цхьаьнакхетаран), терахьан, терахьийн хьалха-тlаьхьаллин кепехь белхан текстехь жоп йаздан билгалйинчу меттехь.

Нагахь 2-чу декъан тlедахкаршна нийса жоп ца йаздинехь, цунна тlе сиз хьакхий, йуххехь керла жоп дlайазде.

3-чу декъан тlедиллар кхочушдо 2-чу декъан тlедахкаршца айхьа болх беш **йешначу текстан буха тlехь**.

3-чу декъан болх болош, далийнчу кхаа тlедилларх (9.1, 9.2 йа 9.3) **цхьаъ** харжа. Оцу тlедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло.

И тlедиллар кхочушдо къаьстинчу кехата тlехь.

Экзаменехь бакъо ло орфографически лугlатах пайдаэца.

Тlедахкарш кхочушдеш, черновиках пайдаэца мегар ду. Белхан мах хадош, черновик тlехь дина йозанаш лоруш дац.

Ахь кхочушдинчу тlедахкаршна йаьхна йерриге а баллаш вовшахтуху. Хьайн ма-хуьллу дукха тlедахкарш кхочушдан а, баллаш йаха а хьажа.

**Дала аьтто бойла!**

### 1 дакъа

| |
|---|
| ***Тексте ла а догlий, къаьстинчу кехата тlехь 1-ра тlедиллар кхочушде.*** <br> ***Цкъа хьалха тlедилларан лоьмар дlайазйе, цул тlаьхьа – йозанан болх.*** |

1

Тексте ла а догlий, жима йозанан болх кхочушбе.
Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хlора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.
Йозанан белхан барам 50 дашал кlезиг хила ца беза.
Нагахь ладоьгlначу текстан буха тlехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгlна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.
Жоьпаш терахьашца билгалдаха.
Хаттарш къаьстинчу кехата тlе схьайаздан ца оьшу.
Йозанан болх кхочушбе цlена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**
1. Хlун хуьлура Ахьмадан бешарчу хlора дитта тlехь бес-бесара?
2. Оцу бешана герга кхаьчча, хlун дан дог догlура нехан?
3. Хlунда дитина Ахьмада некъан йистехьа ринжа?
4. Йуьртарчу береша а муха гlуллакх дора Ахьмадан бешахь?
5. Бешана гонахарчу дитташ тlе хlун дlатардора цара?

**2 дакъа**

***2-8 тlедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь dlайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тlаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

Дlайеша текст.

(1)Йуткъа шок йетташ лай тlера схьахьоьккху мох, кlад ца луш, массо маьllехула кхерстара. (2)Адамийн дегнаш тlе цхьа беза сингаттам туьйсуш, маьхьарий хьоьккхура дерзинчу дитташ тlехула хьийзачу къийгаша. (3)Дерриге а lаламехь хила ма-деззара хуьлуш, шена ма-товв чекхдолуш дара и шийла lа. (4)Тlейоглучу бlаьстенан меттиг мукъа а йоккхуш, и lа кхин цкъа а йуха ца дан дlадерза дукха хан ца йисинера.

Нийса **грамматически лард** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Дlайазйе цуьнан лоьмар.

1) лай тlера схьахьоьккху мох (1-ра предложени)
2) сингаттам туьйсуш (2-гlа предложени)
3) чекхдолуш дара lа (3-гlа предложени)
4) меттиг мукъа а йоккхуш (4-гlа предложени)

Жоп ____________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хlиттаде.** Айхьа хlиттийнчу цlоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Аьхкенан де... Уггаре а хаза хан. Цlеначу хlаваэхь схьахеза тайп-тайпанчу (1) олхазарийн аьзнаш (2) эшарш. Гонахарчу дитташ тlехь (3) вовшашца къамелаш деш (4) каде хьийза масех (5) можа хьоза. Цхьана доккхачу бlара тlехь (6) шена йаха бен беш йу lаьржа хьаргlа а. Хаддаза лерехь йу (7) зезагаш тlера дургал лахьош лелачу накхармозийн гlовгlа.

Жоп ____________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **латтам** схьайазбе.

**Декъачу лаьттах духдуьйлучу шийлачу шовдано меллаша йеттара шен тулгlенаш.**

Жоп ____________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тlечlагlдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дlайазйе.

1) **ТЕК-ХА** – дош сехьадоккхуш шалха элпаш декъа мега.
2) **ГУЬРЕ** – деха мукъа аьзнаш «И», «УЬ» билгалдеш, царна тlехьа элп «Й» ца йаздо.
3) **КЕСТКЕСТА** – дош карладоккхуш кхолладелла чолхе куцдешнаш цхьаьна йаздо.
4) **КХО-ВИЪ** – чолхе билгалза-масаллин терахьдешнаш дефисца йаздо.

Жоп ____________________________________________

**_Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочуште._**

(1)Iуьйранна кхоларша йазйина, тIейелха йоллуш стигал хиллехь а, де делкъенга даьлча, кхолар хилла меттиг а йацара хаалуш. (2)БIаьстенан малхо шен йовха зIенарш комаьрша чухецна, де хIинца дикка доxделла догIура. (3)Олхазарийн зевнечу аьзнаша эсала дог хьоьстуш, самукъане дара гонахара Iалам. (4)Ахь лерг диллина ладоьгIча, жил-Iаламехь мел долу дийнат оцу ниIматах сакъераделла, вовшашца уьйраш, марзонаш лоьхуш хеталора. (5)Iаламах тидамаш бохуш, Ясси-хи тIехь йолчу хьерахь хьархо болх бечу шен дедена Мохьмадна йуург эцна тIаьхьаваха араваьлла, ломан некъаца схьавогIура жима Турпал.

(6)ЦIаьххьана дIахьажавелча, лаьхьа санна хьийзаш Ясси тIе охьабоьдучу новкъахь гиначо чIогIа цецваьккхира Турпал. (7)БIаьргана схьагург жил-Iаламехь а атта гур долуш сурт дацара. (8)ГIеметтахIоьттина мокха кIохцале зу йара, шен новкъа маьрша дIайаха ца йуьтуш, Iаьржачу къийгаша хьийзош. (9)Зу ша сецначу хенахь, хIоз санна, горглой дIахIуттура. (10)ТIаккха къийгийн цунна дан хIума ца хуьлура. (11)Амма, иза дIайола майелли, каде тIелетий, когашца хьала дилханах, шаьш лара ма-ййо, зIакарш тухура цара цунна. (12)Турпална дика гуш дара оцу буьрсачу къийсамехь зу эша гергайахана хилар. (13)Схьагарехь, къийгаша шайн нуцкъалчу зIакаршца цунна йина чевнаш забаренна йацара.

– (14)ХIан-хIа, хIокхунах гIуллакх хир дац! (15)ХIара экха цаьрга иштта хьийза а дойтуш, тIехваьлла дIа муха гIур ву со? – аьлла, зуьнна тIехьаьдира Турпал.

(16)Шайн ницкъ кхаьчча Турпална а дуьхьало йийр йолуш, иза къахко гIерташ, шаьш йолччохь кхийсалуш, маьхьаре йевлира къийгаш, кIант шайна тIевогIуш а гина. (17)Шайн балхах дог ца дуьллуш, меллаша ладогIа охьахевшира уьш. (18)Зуьнна тIекхаьчча, Турпална хиира цуьнан гIуллакх шена моьттучул а тиша дуй. (19)Шина а агIор когашкара хьала йина чевнаш йара цуьнан дегIа тIехь. (20)Хетарехь, дуккха а хан хиллачух тера дара, хIара пекъар оцу къийгех шен са дадийна лелаш йолу. (21)Сихха, шен карара тIоьрмиг схьабаьстина, цу чуьра жимачу йайна гонах хьарчийна долу гата схьа а эцна, лазорна кхоьруш, меллаша цунна йукъа а йиллина, зу караийцира Турпала. (22)Жимачу экханан гIаддайнера. (23)Цхьа наггахь бIаьргаш бетташ корта дIасахьебар доцург, дегI ладугIучуьра даьллера.

(24)Зу деда волчу хьера йахьа сацам хилира кIентан. (25)Цунна хаьара деда шех нийса кхетар вуй. (26) Дукха жима волуш дуьйна а цуьнан хьехамаш тIехь кхуьуш схьавогIучу Турпална дика йевзара шен деден амал. (27)Дех-ненах чул а алссам марзо оьцуш вара иза дедех. (28)КIантана хаддаза дахарехь оьшур болу хьекъале, пайде хьехамаш бора цо. (29)Мохьмада дуьйцура кIентан кIанте Iаламца хила йезачу йукъаметтигах, адамашца лело дезачу гIиллакхех лаьцна, кIант къинхетаме кхиийта, дахарера масалш а далош. (30)Деден хьехамашка ла а дугIуш, царах пайда а оьцуш кхуьучу Турпалан дог дуьзира зуьне болчу къинхетамах. (31)Экханна тIехIоьттинчу бохамна кIант орцахваларо гучудаьккхира иза.

(32)Дедех кIанта Воккха дада олура. (33)Ван а вара иза воккха. (34)Доьзткъа шарал тIехъиккхина вогIура иза хIинца. (35)Дукха хIума хууш а, дуьне девзина а вара Воккха дада. (36)Бецашца долу дарбанаш лело а хаьара цунна. (37)Цундела ларамаза дацара тахана Турпал шен дедена тIекхача сихвелла вахар. (38)Иза чIогIа дог тешна вара шен дедас зуьнна дика дарба лелориг хиларх.

(Саиев I.М.)

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХӀун бахьана дара Турпала зу шен деда волчу йахьаран?» бохучу хаттарна нийса **тӀечӀагӀдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) ***Доьзткъа шо хан хир йолуш, воккха стаг вара Турпалан деда.***
2) ***КӀанттана хаьара деда шех нийса кхетар вуй.***
3) ***И зу Турпалан дедас ша волчохь лелош йара.***
4) ***Турпал ненах ца ваьхьара зу шайн цӀа йахьа.***

Жоп ____________________________________________________________

7

***Меттан суртхӀотторан гӀирсийн анализ.***

Меттан суртхӀотторан гӀирс – **фразеологизм** шеца йолу предложени билгалйаккха.

1) ***Зу, ша сецначу хенахь, хӀоз санна горглой дӀахӀуттура.***
2) ***Шина а агӀор когашкара хьала йина чевнаш йара цуьнан дегӀа тӀехь.***
3) ***Шайн балхах дог ца дуьллуш, меллаша ладогӀа охьахевшира уьш.***
4) ***Бецашца долу дарбанаш лело а хаьара цунна.***

Жоп ____________________________________________________________

8

***Лексически анализ.***

20-чу предложенера **«пекъар»** бохучу дашна **синоним** йалайе. ДӀайазйе иза.

Жоп ____________________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тӀехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тӀедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тӀедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дӀайазйе хаьржинчу тӀедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Абдуразаковн Ш.И. **«Нохчийн мотт башхачу жовхӀарех йуьзна йоккха хазна йу. Оцу жовхӀарех бу ойланан муьлхха а агӀо гайта таро хуьлуьйту меттан суртхӀотторан гӀирсаш»** бохучу дешнийн маьӀна а достуш.

Хьайн жоп тӀечӀагӀдеш, йешначу текста тӀера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тӀехь тема схьайоьллуш, Ӏилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дӀайоло мегар ду Абдуразаковн Ш.И. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кӀезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тӀе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах ходош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца ходабо.

Сочинени йазйе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**
1. Иза иштта хилар шеко йоцуш ду ...
2. Масала, текстера ... предложенехь ...
3. Текстан ... предложенени ешча, ...
4. ... вайн аьтто хуьлу ... тIечIагIдан ...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнах: **«Деден хьехамашка ла а дугIуш, царах пайда а оьцуш кхуьучу Турпалан дог дуьзира зуьне болчу къинхетамах»**.
Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**
1. Йеллачу кийсакан маьIнах со иштта кхета ...
2. Сайн жамIаш тIечIагIдеш, ... предложенера (-шкара) масал далор ду ас.
3. ... предложенино (-еша) тIечIагIйо ойла ...
4. Дерзорехь билгалдоккху ...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **КЪИНХЕТАМ** бохучу дешан маьIнах? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.
Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Муха хила веза къинхетаме стаг?»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **Къинхетамах** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг**– хьайн дахарехь зеделлачух.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**
1. Къинхетам – иза ...Суна хетарехь, ...
2. Текстан авторо вайга ойла йойту...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тIечIагIйан лаьа ...
4. Цу тIера схьа жамI дан таро йу ...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

| ТIедилларан лоьмар | Жоп |
|---|---|
| 2 | 3 |
| 3 | 234 < йа > цу терахьийн муьлхха а кхин рогIалла |
| 4 | меллаша |
| 5 | 4 |
| 6 | 2 |
| 7 | 3 |
| 8 | миска |

Приложение № 2
к приказу Министерства образования и науки
Чеченской Республики
от «27» 09 2022 г. № 1383-п

Нохчийн мотт. 9 класс

**НОХЧИЙН МЕТТАН**
**пачхьалкхан коьрта экзамен дIайахьарна лерина чулацаман элементийн а, дешархой кийча хиларан тIегIанан лехамийн а**
**кодификатор**

Нохчийн меттан пачхьалкхан коьрта экзамен дIайахьарехь коьртачу йукъардешаран коьрта дешаран программа Iаморан жамIаш толлучу лехамийн а, чулацаман элементийн а кодификатор талламан-лараран коьчалийн (кхин дIа – ТЛК) чулацам а, дIахIоттам а билгалбечу документех цхьаъ ю. Кодификатор – иза коьртачу йукъардешаран коьрта дешаран программа Iаморан жамIаш толлучу лехамийн а, толлучу чулацаман элементийн а системе балийналарам (перечень) бу, шена чохь хIора декъана билгалйина код а йолуш.

Кодификаторо гойту коьртачу йукъарчу дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандарт (приказ Минобрнауки России от 17.12.2010 № 1897; «О внесении изменений в федеральный государственный образовательный стандарт основного общего образования», утвержденный приказом Минобрнауки России от 17.12.2010 № 1897 (приказ Минобрнауки России от 31.12.2015) нохчийн меттан коьртачу йукъарчу дешаран пачхьалкхан стандартан Федеральни компонентаца цхьаьнайар (приказ Минобразования России от 05.03.2004 № 1089 «Об утверждении Федерального компонента государственных стандартов начального общего, основного общего и среднего (полного) общего образования»).

Кодификатор шина декъах льатта:

– 1-ра дакъа. «НОХЧИЙН МЕТТАН коьртачу йукъарчу дешаран коьрта Iаморан программа карайерзоран тIегIанан лехамийн ларам (перечень)»;

– 2-гIа дакъа. «НОХЧИЙН МЕТТАН пачхьалкхан коьртачу экзаменехь толлучу чулацаман элементийн ларам».

Кодификатор йукъа ца балийна пачхьалкхан жамIдаран аттестацехь талла йиш йоцу коьртачу йукъарчу дешаран коьрта Iаморан программа карайерзоран тIегIанан лехамаш а, чулацаман элементаш а.

**1-ра дакъа. НОХЧИЙН МЕТТАН коьртачу йукъарчу дешаран коьрта Iаморан программа карайерзоран тIегIанан лехамийн ларам**

ХIокху декъехь гайтина коьртачу йукъарчу дешаран пачхьалкхан стандартан Федеральни компонентан буха тIехь арахецархой ПКЭ-на кийча хиларан тIегIанан лехамаш а, ФПДС-ан буха тIехь коьртачу йукъарчу дешаран коьрта Iаморан программа карайерзоран тIегIанан лехамаш а цхьаьнабар.

| **Толлучу лехаман код** | | **Коьртачу йукъарчу дешаран коьрта Iаморан программа карайерзоран тIегIанан экзаменационни белхан тIедахкарша толлу лехамаш** | |
|---|---|---|---|
| | | **Коьртачу йукъарчу дешаран пачхьалкхан стандартан Федеральни компонент** | **Коьртачу йукъарчу дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандарт** |
| **1** | | ***Анализан тайп-тайпана кепаш*** | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | 1.1 | Меттан дакъош довзар, церан анализ йаран тайп-тайпана кепаш | ***Къамелан гIуллакхдаран некъаш кхиор (ладогIар, йешар, йоза):*** хьалха хIоттийначу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжина, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хIоттийначу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и.д.кх.); барта а, йозанан а коьрта башхаллаш билгалйахар |
| | 1.2 | Текстан тема а, коьрта маьIна а, текстан йа цуьнан декъан маьIнин тайпа къастор | |
| | 1.3 | Къамелан мотт, Iилманан стиль, гIуллакхан стиль, публицистически стиль, исбаьхьаллин литературин мотт къасто хаар | |
| **2** | | ***Аудировани а, йешар а*** | |
| | 2.1 | Барта а, йозанан а хааман информацих (Iалашонах, коьртачу а, тIетоьхначу а теманах, гуш йолчу а, къайлахчу а информацих) нийса кхетар | ***Къамелан гIуллакхдаран некъаш кхиор (ладогIар, йешар, йоза):*** нохчийн маттахь йешаран хаарш кхиор (Iаморан, довзаран, хьажаран), йешначу коьчалан чулацам тобар, ткъа иштта, текстан коьрта ойла а, кхетамаш а схьакъасто хаар; тIечIагIдаран гIирсийн мах хадор; ладогIаран тайп-тайпана некъаш карадерзор (кхоччуш кхетарца а, коьртачу чулацамах кхетарца а оьшу хаамаш схьахаржа хаарца); йозанан а, барта а къамелан аларийн мах хадо хаар; коммуникативни цанисделлачун коьрта бахьанех кхетар а, царах кхето хаар а; нийса а, шен метта а дош далош, шен а, кхечун а къамелан мах хадор. **Дешнийн бараман хьал кхиор; къамел даран кепе а, хьоле а хьаьжжина, ойланаш, синхаамаш наргIат бийцархьама, къамелехь пайдаоьцучу грамматически гIирсийн барам алсамбаккхар:** барта а, йозанан а къамел хIотторехь дошамех пайдаэца хаар, дешан лексически маьIна (нийса а, тардина а) къасторна оьшу хаамаш схьаэцаран Iалашонца дошамех пайдаэцар; нийсаяздаран дошамех пайдаэцар; фразеологизмийн маьIна |
| | 2.2 | Тайп-тайпанчу стилийн, жанрийн тексташ йешар | |
| | 2.3 | Йешаран тайп-тайпана кепаш хаар (Iаморан, йовзаран, хьажаран) | |
| | 2.4 | Тайп-тайпанчу хаарийн хьостанашкара информаци схьахаржар | |
| | 2.5 | Лингвистически дошамех, литературех наргIат пайдаэца хаар | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | билгалдаккхархьама фразеологически дошамех пайдаэцар; дешнашна синонимаш, антонимаш йалоран Iалашонца дошамех пайдаэцар |
| 3 | | *Йоза* | |
| | 3.1 | Хаттарех пайда а оьцуш, жима йозанан текст хIотто хаар | ***Къамелан гIуллакхдаран некъаш кхиор (ладогIар, йешар, йоза):*** йозанан а, барта а къамелан аларийн мах хадо хаар; коммуникативни цанисделлачун коьрта бахьанех кхетар а, царах кхето хаар а; нийса а, шен метта а дош далош, шен а, кхечун а къамелан мах хадор. **Дешаран а, ша-шен дешаран а процессехь личностан интеллектуальни а, кхоллараллин а хьуьнарш кхиарехь матто лоцучу декъах кхетар:** шен къамел вовшахтохархьама а, дIадахьархьама а, къамелан гIирсех кхеташ пайдаэцар; шен къамел кIаргдаран а, нохчийн литературни маттах пайдаэцарехь оьздангалла кхиоран а, шен меттан хаарийн мах хадо а, уьш кхин дIа а кхиоран Iалашонан а лаам хилар |
| | 3.2 | Тайп-тайпанчу стилийн, жанрийн тексташ кхоллар (шена хетарг, аннотаци, къамел дар, кехат йаздар, расписка, дIахьедар (заявление) | |
| | 3.3 | Iалашоне а, теме а, уьйрашка а хьаьжжина, меттан гIирсаш вовшахтоха а, харжа а хаар | |
| | 3.4 | Монологан а, диалоган а тайп-тайпанчу кепех пайдаэца хаар | |
| | 3.5 | Шен ойланаш барта а, йозанца а паргIат, нийса йийца хаар, текст хIотторан бакъонаш ларйеш (ойланийн некъ, хьалхатIаьхьалла, йозуш хилар, темица йогIуш хилар и. дI. кх.) | |
| | 3.6 | Бакъдолчух а, гонахьарчу хиламех а: йешначух, хезначух, гиначух – шена хетарг нийса догIуш дийца хаар | |
| | 3.7 | Шен къамелан уьйрашкахь хIинцалерчу нохчийн литературин меттан аларан, лексически, грамматически норманаш ларйар | |
| | 3.8 | Йозанехь орфографически а, пунктуационни а коьрта бакъонаш ларйар. | |
| | 3.9 | Нохчийн меттан оьздангалла къамелехь ларйар | |
| | 3.10 | Ша дечу къамелан таллам а, нийса жамI а дар; къамелехь а, йозанехь а гIалаташ лаха а, нисдан а хаар; шен тексташ тойан хаар | |

**2-гIа дакъа. НОХЧИЙН МЕТТАН пачхьалкхан коьртачу экзаменехь толлучу чулацаман элементийн ларам**

Нохчийн меттан пачхьалкхан коьртачу экзаменехь толлучу чулацаман элементийн ларам хIоттийна 2004-чу шеран коьртачу йукъарчу дешаран пачхьалкхан стандартан компонентан буха тIехь.

Стоммачу курсиваца гайтина чулацаман даккхий дакъош (блокаш), лахахь уьш мелла а кегийчу дакъошка декъна. Цу кодификаторан хIора декъо гойту дешаран чулацаман алсамдаькххина дидактически дакъа (единица), шеца масех тематически дакъа (единица) хила

йиш йолу. ШолгIачу бIогIамалгехь гойту шена ТЛК-н тIедахкарш кхуллуш болчу чулацаман элементан код.

| Де-къан код | Толлу-чу элемен-тан код | Экзаменационни белхан тIедахкарша толлучу чулацаман элементаш | |
|---|---|---|---|
| | | Коьртачу йукъарчу дешаран пачхьалкхан стандартан Федеральни компонент | Коьртачу йукъарчу дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандарт |
| 1 | | ***Фонетика*** | |
| | 1.1 | Аьзнаш а, элпаш а | **Дешан тайп-тайпана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложении синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар:** дешан аьзнийн хIоттам билгалбаккхар, дакъошка нийса декъар, дешан аьзнийн характеристика; дешан фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически анализ йар |
| | 1.2 | Дешан фонетически анализ | |
| 2 | | ***Лексика а, фразеологи а*** | |
| | 2.1<br>2.2 | Дешан лексически маьIна<br>Синонимаш. Омонимаш. Антонимаш | **Дешан тайп-тайпана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложении синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар:**<br>дешан а, масех маьIна долчу дешан а, стилистически башхалла йолчу дешан а лексически маьIна а, царах пайдаоьцу меттиг а билгалйаккхар; синонимаш, антонимаш йалор;<br>дешан фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически анализ йар |
| | 2.3 | Фразеологически карчамаш | |
| | 2.4 | Схьадовларца а, пайдаэцарца а декъалучу дешнийн тобанаш | |
| | 2.5 | Лексически анализ | |
| 3 | | ***Морфемика а, дошкхолладалар а*** | |
| | 3.1 | Дешан маьIне дакъош (морфемаш) | **Дешан тайп-тайпана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложенин синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар:**<br>дешан дошкхолладаларан, грамматически, маьIнин анализ йаран буха тIехь дош морфемашка декъар; дошкхолладаларан некъаш а, кеп хийцаран, дошкхолларан морфемаш а |
| | 3.2 | Дешан морфемни анализ | |
| | 3.3 | Дошкхолладаларан коьрта некъаш | |
| | 3.4 | Дешан дошкхолладаларан анализ | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | къасто хаар;<br>дешан фонетически, морфемни, дошкхол-ладаларан, лексически, морфологически анализ йар |
| **4** | | ***Грамматика. Морфологи*** | |
| | 4.1 | Коьрта къамелан дакъош | **Дешан тайп-тайпана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхол-ладаларан, лексически, морфологически), предложении синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар:**<br>коьрта а, гӀуллакхан а къамелан дакъойн морфологически таллам бар;<br>йукъара грамматически маьӀнин, коьртачу къамелан дакъойн морфологически билгалонийн характеристика, церан синтаксически гӀуллакх билгалдаккхар, дешан фонетически, морфемни, дошкхол-ладаларан, лексически, морфологически анализ йар.<br>**Маттах долчу Ӏилманийн хаарийн систематизаци; меттан дакъойн а, тӀегӀанийн а дозуш хиларх кхеташ хилар; лингвистикин йуьхьанцара кхетамаш караберзор:**<br>коьрта, гӀуллакхан къамелан дакъош довзар а, маьӀнашка а, коьрта грамматически билгалонашка а хьаьжжина, церан кепаш йовзар а; цӀердешнаш, билгалдешнаш, цӀерметдешнаш, терахьдешнаш, куцдешнаш довзар;<br>хандешнаш, причастеш, деепричастеш, церан морфологически билгалонаш йовзар;<br>дештӀаьхьенаш, дакъалгаш, хуттургаш, церан тайпанаш довзар, дакъалгийн маьӀнийн башхаллаш къастор |
| | 4.2 | ГӀуллакхан къамелан дакъош | |
| | 4.3 | Дешан морфологически анализ | |
| **5** | | ***Грамматика. Синтаксис*** | |
| | 5.1 | Дешнийн цхьаьнакхетар | **Дешан тайп-тайпана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхол-ладаларан, лексически, морфологически), предложении синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар:**<br>синтаксисан коьрта дакъош довзар; |
| | 5.2 | Предложени. Предложенин грамматически лард. Предложенин коьрта меженаш: подлежащи, сказуеми | |
| | 5.3 | Предложенин коьртаза меженаш | |
| | 5.4 | ЦхьанахӀоттаман а, шинахӀоттаман | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | а предложенеш | предложенин синтаксически анализ кхочушйар;<br>предложенин коьртаза меженаш, предложенин цхьанатайпана меженаш, предложенин шакъаьстина меженаш, тӀедерзарш, йукъадало дешнаш довзар;<br>предложенин грамматически лард билгалйаккхар;<br>чолхе предложени йовзар |
| | 5.5 | Йаьржина а, йаржаза а предложенеш | |
| | 5.6 | Йуьззина а, йуьззина йоцу а предложенеш | |
| | 5.7 | Чолхейаьлла цхьалхе предложени | |
| | 5.8 | Чолхе предложени | |
| | 5.9 | Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенера цхьалхечу предложенийн маьӀнаш | |
| | 5.10 | Ийна чолхе предложенеш | |
| | 5.11 | Ма-дарра къамел лач къамеле дерзор | |
| | 5.12 | Цхьалхечу предложенин синтаксически таллам | |
| | 5.13 | Чолхечу предложенин синтаксически анализ | |
| | 5.14 | Синтаксически анализ (жамӀ дар) | |
| **6** | | ***Орфографи*** | |
| | 6.1 | Орфограмма | **Литературни меттан коьрта норманаш а (лексически, грамматически, орфографически, пунктуационни, стилистически), къамелан оьздангаллин норманаш а карайерзор:**<br>барта а, йозанан а белхаш кхуллуш, къамелехь меттан норманех пайдаэца хаар;<br>дош нийсайаздаран бакъонех пайдаэцар; гӀуллакхан къамелан дакъош нийсайаздаран бакъонаш карайерзор а, царах йозанехь пайдаэца хаар а;<br>дош нийса сехьадаккха хаар; цӀердешнийн, билгалдешнийн, цӀерметдешнийн, терахьдешнийн, хандешнийн кепаш бакъонашца хийцар.<br>**Дешаран а, ша-шен дешаран а процессехь личностан интеллектуальни а, кхоллараллин а хьуьнарш кхиарехь матто лоцучу декъах кхетар:**<br>барта а, йозанан а къамелехь меттан коьрта норманаш ларйар |
| | 6.2 | Дешнийн чаккхенгахь шала мукъаза элпаш йаздар | |
| | 6.3 | Дешнийн орамехь шала мукъаза элпаш йаздар | |
| | 6.4 | Шала шалха элпаш нийсайаздар | |
| | 6.5 | Мукъачу элпийн Е, Ё, Ю, ЮЬ, Я, ЯЬ нийсайаздар | |
| | 6.6 | Дешхьалхенийн нийсайазйар | |
| | 6.7 | Дешнийн орамаш вовшахккхетарца чолхе дешнаш кхолладалар а, нийсайаздар а | |
| | 6.8 | Дешхьалхенийн, дештӀаьхьенийн нийсайазйар | |
| | 6.9 | Дожарийн чаккхенаш нийсайазйар | |
| | 6.10 | Хандешнийн чаккхенаш нийсайазйар | |
| | 6.11 | Дацаран дакъалгаш ЦА, МА нийсайаздар | |
| | 6.12 | Дацаран цӀерметдешнийн нийсайаздар | |
| | 6.13 | Куцдешнийн нийсайаздар | |
| | 6.14 | Къамелан дакъош цхьаьна а, къаьстина а, дефисца а йаздар | |
| | 6.15 | Орфографически анализ | |
| **7** | | ***Пунктуаци*** | |
| | 7.1 | Подлежащиний, сказуеминий | **Литературни меттан коьрта норманаш** |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | йуккъехь сацаран хьаьркаш | **а (лексически, грамматически, орфографически, пунктуационни, стилистически), къамелан оьздангаллин норманаш а карайерзор;** диалогехь, цитированехь, ма-дарра къамелехь, чолхе, цхьалхе предложенешкахь, предложенин чаккхенехь сацаран хьаьркаш хIитторан бакъонех пайдаэцар |
| | 7.2 | Чолхейаьллачу цхьалхечу предложенехь сацаран хьаьркаш | |
| | 7.3 | Шакъаьстинчу къастамашца сацаран хьаьркаш | |
| | 7.4 | Шакъаьстинчу латтамашца сацаран хьаьркаш | |
| | 7.5 | Дустаран карчамашца сацаран хьаьркаш | |
| | 7.6 | Латтаман дурсашца сацаран хьаьркаш | |
| | 7.7 | Предложенин шакъаьстинчу меженашца сацаран хьаьркаш | |
| | 7.8 | Предложеница грамматически уьйр йоцчу дешнашца сацаран хьаьркаш | |
| | 7.9 | Чолхейаьллачу предложенехь сацаран хьаьркаш (жамI дар) | |
| | 7.10 | Ма-дарра къамелехь а, цитаташкахь а сацаран хьаьркаш | |
| | 7.11 | Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенехь сацаран хьаьркаш | |
| | 7.12 | Чолхе-карарчу предложенехь сацаран хьаьркаш | |
| | 7.13 | Ийна чолхечу предложенешкахь сацаран хьаьркаш | |
| | 7.14 | Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенехь сацаран хьаьркаш | |
| | 7.15 | Хуттургаш йолчу а, йоцчу а чолхечу предложенешкахь сацаран хьаьркаш | |
| | 7.16 | Цхьалхечу а, чолхечу а предложенешкахь тире | |
| | 7.17 | Цхьалхечу а, чолхечу а предложенешкахь шитIадам | |
| | 7.18 | Цхьалхечу а, чолхечу а предложенешкахь пунктуаци | |
| | 7.19 | Пунктуационни анализ | |
| 8 | | ***Къамел*** | |
| | 8.1 | Текст – къамелан произведени. Текстан маьIнин а, композиционни а цхьаалла | **Дешан тайп-тайпана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложении синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар:** текстан анализ а, текстан коьрта билгалонаш йовзар а; тема а, коьрта маьIна а, коьрта дешнаш а, микротемаш а къасто хаар; къамелан гIуллакхан-маьIнин тайпанаш |
| | 8.2 | Текстехь предложенийн уьйран гIирсаш | |
| | 8.3 | Къамелан стилаш | |
| | 8.4 | Теме, Iалашоне, тIекаренан хьелашка, къамел хьаьнга деш ду хьаьжжина, меттан гIирсаш харжар | |
| | 8.5 | Текстан анализ | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | 8.6 | Тайп-тайпана стилаш а, маьӀнийн къамелан тайпанаш а долу тексташ кхоллар | къастор а, иштта тайп-тайпанчу кепехь тексташ кхоллар а, церан дӀахӀоттаран норманаш ларйар а |
| **9** | | ***Меттан норманаш*** | |
| | 9.1 | Лексически норманаш | **Литературни меттан коьрта норманаш а (лексически, грамматически, орфографически, пунктуационни, стилистически), къамелан оьздангал-лин норманаш а карайерзор:** синонимийн маьӀнин, стилистически башхаллаш схьакарор, маьӀне хьаьжжина, царах къамелехь пайдаэцар; бартбарехь а, урхаллехь а, деепричастни карчамца йолу предложени йалорехь а, текстан дакъош, предложенеш вовшахтосуш, цӀермет-дешнех пайдаэцарехь а, хуттургийн гӀоьнца предложенеш хӀитторехь а грамматически норманаш ларйар |
| | 9.2 | Грамматически норманаш (морфологически норманаш) | |
| | 9.3 | Грамматически норманаш (синтаксически норманаш) | |
| **10** | | ***Нохчийн меттан къамелан суртхӀоттор*** | **Нохчийн меттан коммуникативни-эстетически таронех пайдаэцар:** къамелехь синтаксисан, лексикин, фонетикин суртхӀотторан гӀирсийн коьрта тайпанаш довзар а, церан характеристика а (эпитет, метафора, гипербола, олицетворени, дустар, дустаран карчам, фразеологизм, синонимаш, антонимаш, омонимаш); къамелехь оьшучохь фразеологически карчамех пайдаэцар;<br>синхаамаш гайтарехь айдардешнаш нийса йукъадалор |
| | 10.1 | СуртхӀотторан гӀирсийн анализ | |

Приложение № 3
к приказу Министерства образования и науки
Чеченской Республики
от «27» 04 2022 г. № 1383-п

Нохчийн мотт. 9кл.

**2023 шарахь НОХЧИЙН МЕТТАН пачхьалкхан коьрта экзамен дӀайахьа лерина талламан-лараран коьчалийн спецификаци**

**1. ПКЭ-на леринчу талламан-лараран коьчалийн лехам**

ПКЭ (ОГЭ) – иза федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан лехамашца цхьаьнайогӀуш йолчу коьртачу йукъардешаран программашца дешархоша карадерзийначу жамӀийн цхьаьнадар билгалдаккхаран Ӏалашонца дӀахьош йолчу пачхьалкхан жамӀдаран аттестацин кеп йу. Билгалйаьхначу Ӏалашонашка кхачархьама пайдаоьцу стандартизированни кепехь йолчу тӀедахкарийн комплексех лаьттачу талламан-лараран коьчалех (ТЛК).

29.12.2012 № 273-ФЗ «Российски Федерацин дешаран хьокъехь» йолчу федеральни бакъонца а, Россин Минпросвещенис а, Рособрнадзора а 07.11.2018 № 189/1513 омрица тӀечӀагӀдинчу коьртачу йукъардешаран программашца пачхьалкхан жамӀдаран аттестаци дӀайахьаран низамца а цхьаьнайогӀуш дӀахьо ПКЭ.

**2. ТЛК-н чулацам билгалбен документаш**

ТЛК-н чулацам билгалболу коьртачу йукъардешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан а (приказ Минобрнауки России от 17.12.2010 № 1897), иштта, коьртачу юкъардешаран герггара программа тидаме а оьцуш (одобрена решением Федерального учебно-методического объединения по общему образованию (протокол от 08.04.2015 № 1/15), коьртачу юкъардешаран «федеральни пачхьалкхан дешаран стандартехь бинчу хийцамийн хьокъехь» документан а буха тӀехь (приказ Минобрнауки России от 31.12.2015).

ТЛК хӀоттийна, толлучу чулацаман хьалха-тӀаьхьалла нохчийн меттан коьртачу йукъарчу дешаран пачхьалкхан стандартан федеральни компонентаца цхьаьнайар тидаме а оьцуш (приказ Минобразования России от 05.03.2004 № 1089 «Об утверждении Федерального компонента государственных образовательных стандартов начального общего, основного
общего и среднего (полного) общего образования»).

**3. ТЛК-н дӀахӀоттам кхолларан а, чулацам харжаран а некъаш**

Экзаменационни балхо толлу дешархойн лингвистически компетенци (маттах а, къамелах а долу хаарш; шайн балха тӀехь лингвистически хаарех пайдаэца хаар, иштта довзийтаран, классификацин, жамӀдаран дешаран меттан хаарш а, карадирзинарш а). Меттан норманаш (лексически, грамматически, стилистически, нийсайаздаран, пунктуационни) ларйарца доьзна долчу хаарша а, карадирзинчара а гойту дешархойн меттан компетенцин барам. Къамелан белхан продуктивни а, рецептивни а карадирзинарш дешархошна хааран барамехь толлу белхан коммуникативни компетенци.

Коьртачу ишколехь дешар чекхдоккхуш, экзамен лучеран кечамбаран барам а, нохчийн маттана кечамбаран барамехь болу пачхьалкхан лехамаш а цхьаьнабогӀуш хиларан мах хадо таро ло экзаменехь делла тӀедахкарш кхочушдаро. Цо таро хуьлуьйту лакхарчу классашкахь дешар кхиамца дӀадахьа.

ПКЭ-н экзаменационни болх вариативность ларйеш хӀоттийна: экзамен лучунна бакъо ло сочиненин кхаа вариантех цхьаъ харжа.

Къаьстинчу тӀедахкарийн а, берриге экзаменационни белхан а мах хадоран къепе (система) кхоьллина нохчийн мотт хьехаран ламасташ а, педагогически дустарийн белхан а, теории а лехамаш ларбеш.

**4. ТЛК-н чулацаман а, дӀахӀоттаман а характеристика**

ТЛК-н хӀора вариант кхаа декъах а лаьтта, шайн кепаца а, чолхаллин барамца а къаьсташ долу 9 тӀедиллар йукъа а лоцу.

I-ра дакъа – ладоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбен жима йозанан болх (l-ра тӀедиллар).

2-гӀа дакъа – (2-8 тӀедахкарш) доцца жоп даларан тӀедахкарш.

Экзаменационни балха тӀехь хьалха хӀиттийна хӀокху тайпана доцца жоп даларан тӀедахкарш:

– ша вовшахтоьхна доцца жоп дӀайаздаран тӀедиллар;

– хьалха хӀиттийначу жоьпашна йукъара нийса долу цхьаъ схьакъасто а, дӀайаздан а хаар.

3-гӀа дакъа (9-гӀа альтернативни тӀедиллар) йешначу текстан буха тӀехь, йалийначу клишех пайда а оьцуш, шена хетарг схьаала хаар толлуш долу даьржинчу жоьпаца йиллинчу кепехь тӀедиллар (сочинени).

ТӀедахкарш экзаменационни белхан дакъошка декъар гайтина I-чу таблицехь.

*I-ра таблица.*

*ТӀедахкарш белхан дакъошца декъар*

| Белхан дакъош | ТӀедахкарийн барам | Лаккхара йуьхьанцара балл | ТӀедахкарийн тайпанаш |
|---|---|---|---|
| 1-ра дакъа | 1<br>(1-ра тӀедиллар) | 5 | Даьржинчу жоьпаца тӀедиллар |
| 2-гӀа дакъа | 7<br>(тӀедахкарш 2-8) | 7 | Доццачу жоьпаца тӀедиллар |
| 3-гӀа дакъа | 1<br>(9-гӀа тӀедиллар) | 9 | Даьржинчу жоьпаца тӀедиллар |
| 1, 3-гӀий дакъош | | Къамел ма-дарра а, нийса а дӀайаздан хаарна – 10 балл | |
| Дерриге а | 9 | 31 | |

«Нохчийн мотт» дешаран предмет Ӏаморан предметни жамӀийн тайп-тайпанчу дакъошна таллам барна лерина тӀедахкарш декъар гайтина 2-чу таблицехь.

*2-гӀа таблица.*

*ТӀедахкарш Ӏаморан предметни жамӀаш толлучу блокашка декъар*

| Іаморан предметни жамІийн блокаш (ФПДС цхьаьнайогІуш) | ТІедахкарийн барам | Лаккхара йуьхьанцара балл | Берриге а белхан лаккхарчу йуьхьанцарчу баллах (31 балл) чулацаман хІора декъан тІедахкарийн лаккхарчу йуьхьанцарчу баллан процент |
|---|---|---|---|
| Къамелан гІуллакхдаран некъаш кхиор (ладогІар, йешар, йоза) | 2 | 14 | 45 |
| Дешан тайп-тайпана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложенин синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар | 7 | 7 | 23 |
| Маттах долчу Іилманийн хаарийн систематизаци; меттан дакъойн а, тІегІанийн а дозуш хиларх кхеташ хилар; лингвистикин йуьхьанцара кхетамаш караберзор | Дакъош 1,3 | | |
| Дешнийн бараман хьал кхиор; къамел даран кепе а, хьоле а хьаьжжина, ойланаш, синхаамаш паргІат бийцархьама, къамелехь пайдаоьцучу грамматически гІирсийн барам алсамбаккхар | Дакъош 1,3 | | |
| Литературни меттан коьрта норманаш а (лексически, грамматически, орфографически, пунктуационни, стилистически), къамелан оьздангаллин норманаш а карайерзор; барта а, йозанан а белхаш кхуллуш, къамелехь меттан норманех пайдаэца хаар | Дакъош 1,3 (дерриш а) | 10 | 32 |
| Дерриге а | 9 | 31 | 100 |

**5. ПКЭ-н ТЛК-н тІедахкарш, чулацаме а, толлучу хаарийн, гІуллакхдаран некъашка а хьаьжжина, декъар**

ТІедахкарш «Нохчийн мотт» предметан коьртачу чулацаме дакъошка декъар 3-чу таблицехь гайтина.

*3-гІа таблица.*

*ТІедахкарш «Нохчийн мотт» предметан коьртачу чулацаме дакъошка декъар*

| Чулацаме дакъош | ТӀедахкарийн барам | Лаккхара йуьхьанцара балл | Берриге а белхан лаккхарчу йуьхьанцарчу баллах (31 балл) чулацаман хӀора декъан тӀедахкарийн лаккхарчу йуьхьанцарчу баллан процент |
|---|---|---|---|
| Къамел. ЛадогӀар. Барта къамелах нийса кхетар. Йозанца чулацам схьабийцар (ладоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш алар) | 1 | 5 | 16 |
| Синтаксис | 2 | 2 | 7 |
| Пунктуаци | 1 | 1 | 3 |
| Орфографи | 1 | 1 | 3 |
| Къамел. Дешар. Йозанан къамелах нийса кхетар | 1 | 1 | 3 |
| Нохчийн меттан къамелан суртхӀоттор | 1 | 1 | 3 |
| Лексика | 1 | 1 | 3 |
| Къамел. Йоза. ТӀедилларе хьаьжжина, шен чулацамца а, маьӀница а йогӀу текст хӀоттор | 1 | 9 | 29 |
| Къамел ма-дарра а, нийса а дӀайаздар | 1,3 дакъош (дерриш а) | 10 | 33 |
| Дерриге а | 9 | 31 | 100 |

Нохчийн меттан ПКЭ экзаменационни кепан тӀедахкарш тайп-тайпана ду, шен меттан коьчалшка хьаьжжина (хьажа 4-чу таблице).

Экзамен лучо болх бо текстан чулацаман меттан хиламашца; хаттаршна жоьпаш даларца жима йозанан болх кхочушбо, шен йозанан монологически дӀаалар кхуллу.

*4-гӀа таблица.*

*ТӀедахкарш меттан коьчалца болчу белхан тайпанашка декъар*

| Меттан коьчалца болчу белхан тайпанаш | ТӀедахкарийн барам | Лаккхара йуьхьанцара балл | Берриге а белхан лаккхарчу йуьхьанцарчу баллах (31 балл) процентах меттан коьчалца болчу белхан тайпанийн кхочушдинчу тӀедахкарийн лаккхарчу йуьхьанцарчу баллан процент |
|---|---|---|---|
| Хаттаршна жоьпаш даларца жима йозанан болх кхочушбар | 1 | 5 | 16 |
| Текстаца болх: текстан чулацаман меттан хиламашца болх бар (текстан меттан анализ) | 7 | 7 | 22 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Сочинени йазйар | 1 | 9 | 29 |
| Практически нийсайздар | | l0 (йазйинчу сочиненин, хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбинчу йозанан белхан буха тӀехь) | 33 |
| Дерриге а | 9 | 31 | 100 |

6. **ТЛК-н тӀедахкарш шайн чолхаллин барамашца декъар**

Экзаменационни белхан дерриге тӀедахкарш йуьхьанцарчу чолхаллин барамехь ду.

7. **Нохчийн меттан ПКЭ дӀайахьаран хан**

Экзаменационни болх кхочушбарна лерина йу 235 минот.

8. **ГӀоьнна лерина коьчалш**

Экзамен лучарна бакъо ло нийсайаздаран (орфографически) дошамах пайдаэца.

**9. Къаьстина тӀедахкарш а, берриге экзаменационни болх а кхочушбаран мах хадоран къепе (*система*)**

Белхан **1-чу декъан** тӀедилларан (хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбинчу йозанан белхан) жоьпан мах хадабо леррина хӀоттийначу критерешца. Хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбинчу йозанан балхана лерина лаккхара балл – **5**.

Белхан **2-чу декъан** хӀора тӀедиллар нийса кхочушдарна арахецархочунна l балл ло. Жоп нийса цадаларна я жоп делла цахиларпа ноль балл хӀоттайо. Экзамен лучунна белхан 2-чу декъан тӀедахкарш нийса кхочушдарна хӀитточу баллийн лаккхара барам –**7**.

Белхан **3-чу декъан** тӀедилларан жоьпан мах хадабо леррина хӀоттийначу критерешца.

Сочиненина-ойлайарна (альтернативни тӀедилларна) лерина лаккхара балл – **9**.

Экзамен лучун йозанан къамел ма-дарра а, нийса а дӀайаздаран мах хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх, сочинени талларан буха тӀехь цхьаьна **10** баллаца хадабо.

Экзамен лучо берриге а экзаменационни болх кхочушбарна хӀитточу **баллийн лаккхара барам – 31.**

Экзаменационни белхаш шина эксперто толлу. Эксперташа экзаменационни белхан хӀора тӀедилларна йогӀуш йолу балл хӀоттайо. Нагахь санна цу шина эксперто хӀиттийна баллаш цхьаьнайогӀуш ца хилахь, и болх кхоалгӀачу эксперто толлу. Дешаран предметаца йогӀуш йолчу мах хадоран критерешкахь билгалдина ду баллийн цхьаьнацадар.

Предметни комиссин председатело кхоалгӀа талламхо (эксперт) хӀоттаво хьалха и белхаш толлуш цахиллачарех.

Хьалха теллинчу белхийн мах хадоран баллийн информаци кхоалгӀачу талламхочуьнга (эксперте) дӀало.

КхоалгӀачу талламхочо (эксперто) хӀиттийна баллаш тӀаьххьара йу.

Ладам боллуш лору шина талламхочо l-чунна тӀера 9-чунна тӀекхаччалц долу тӀедахкарш кхочушдарехь хӀиттийначу баллийн барам l0 а, цул сов а цхьаьнацабар нислахь (хӀора эксперто тӀедахкарийн мах хадоран массо позицешца (критерешца) хӀиттийна баллаш вовшахтуху: ХЖКl–ХЖК3, С1К1– С1К4, С2К1– С2К4, С3К1– С3К4, ГК1–ГК4, ФК1).

*И тайпа хьал нислахь, кхоалгӀачу талламхочо (эксперто) мах хадоран йерриге а позицешца 1,9-гӀий тӀедахкаршна йуха а таллам бо.*

Белхан дерриге а тӀедахкаршна хӀиттийначу баллийн буха тӀехь йукъара балл йагар а йой,

**5** баллан тIегIанца мах хадабо.

**10. Экзамен дIайахьаран хьелаш (*говзанчашка лехамаш*)**

Нохчийн меттан экзамен йолчу аудитори чу нохчийн меттан говзанчаш-филологаш ца буьту. Экзаменехь вовшахтохархо (организатор) хила веза нохчийн мотт хьоьхуш воцу хьехархо. Экзамен дIайахьаран йукъара инструкци хиларо таро хуьлуьйту, предметан говзанчаш йукъа ца озош, цхьатерра хьелаш лардан.

КхидIа даладо экзамен дIайахьаран магийна низам.

Экзаменационни коьчал чохь йолу пакет каракхаьчначул тIаьхьа экзамен лучара дерриге кехаташ йа бланкаш, шайх болу хаамаш тIейазбой, охьадохку, оьшучу низамехь белхан меттехь.

Цкъа хьалха экзамен лучара ладугIу йуьхьанцарчу тексте. Тексте ладугIучу хенахь экзамен лучеран бакъо йу черновик тIехь цхьацца йозанаш дан. ШозлагIа йешначул тIаьхьа хаттаршна жоьпаш даларца йозанан болх кхочушбо экзамен лучара. Тексте ладугIу, аудиозаписах пайда а оьцуш.

*5-гIа таблица*

*Хаттаршна жоьпаш даларца йозанан болх дIабахьаран кеп*

| № | Организаторан болх | Экзамен лучеран болх | Гергарчу хьесапан хан |
|---|---|---|---|
| 1 | Дуьххьара аудиозапись хIоттор | Йуьхьанцарчу тексте ладогIар. Тексте ладугIучу хенахь черновик тIехь цхьацца йозанаш дар. | 3-4 минот |
| 2 | Текстан ойлайан хан йалар | Черновикашца болх бар | 5-6 минот |
| 3 | Аудиозапись шолгIа хIоттор | Йуьхьанцарчу тексте ладогIар | 3-4 минот |
| 4 | Запись дIайаккхар. Болх йазбан болабан безарх а, дошам лело бакъо хиларх а хаам бар | | |
| 5 | | Йозанан болх кхочушбар | |

Цул тIаьхьа экзамен лучара кхочушдо экзаменационни белхан 2-чу а, 3-чу а дакъойн тIедахкарш.

**Белхан дерриге дакъош тIехь болх бечу хенахь экзамен лучеран бакъо йу нийсайаздаран (орфографически) дошамах пайдаэца.**

**11. 2022 шеран ТЛК-хь бина хийцамаш, 2019 шарахь хиллачуьнца дуьстина**

2022 шеран экзаменационни балха тIехь, 2019 ш. хиллачуьнца дуьстича, белхан дIахIоттам ларбина. 1 тIедиллар, 9 (9,1; 9,2; 9,3) тIедахкарш, церан мах хадоран къепе ца хийцина. ТЛК-н тIедахкарийн барам хийцина 15 тIера 9 тIе кхаччалц, болх кхочушбарна йуьхьанцара балл а хийцаелла 37 тIера 31 тIе кхаччалц.

2022 шеран нохчийн меттан ТЛК, 2019 шарахь санна, кхаа декъах лаьтта. Нагахь хиллачу ТЛК-н вариантехь кхуьй а дакъа йукъаратематически хьежамца вовшашца дозуш хиллехь а, 2022 шеран ТЛК-н вариантехь жимачу йозанан балхана (1 дакъа) лерина текст шен чулацамца йозуш йац белхан 2,3 дакъошца. Цуьнца цхьаьна хийцайелла жимачу йозанан балхана леринчу текстан жанрови башхалла.

Хийцабелла ТЛК-н 2 декъан чулацам. Нагахь 2019 шарахь белхан 2,3 дакъош йешначу цхьана текстан буха тIехь кхочушдеш хиллехь а, 2022 шеран ТЛК-н йеша леринчу текстан буха тIехь кхочушдеш 3 тIедиллар бен дац. Экзаменационни балхо таро ло экзамен лучунна меттан коьчалан тайп-тайпана анализ кхочушйан. Цу Iалашонца белхан 2 декъехь далийна
7 тIедиллар: 4 тIедилларо (2-5 тIедахкарша) толлу орфографически, пунктуационни, грамматически анализ кхочушйаран хаарш; 3 тIедиллар (6-8 тIедахкарш) текстан анализ йарна тIехьажийна ду, вуьшта, цара толлу текстан чулацамах нийса а, корггера а кхетар. Ишттта экзамен лучунна текстан синмехаллин категореш йовзаран тIегIа билгалйоккху; чолхечу хьолах, авторан йа турпалхочун позицех кхетар, текстан чулацаме анализ йарехь синонимийн, антонимийн йукъаметтигах кхетаран мехалла; Iамийна меттан суртхIотторан гIирсаш бовзар.

**2022 шеран 9-чу классан дешархойн нохчийн меттан ПКЭ-н ТЛК-н вариантан жамIдаран хьесап (план)**

*Экзаменационни белхан дерриге тIедахкарш йуьхьанцарчу чолхаллин барамехь ду*

| № | Толлучу чулацаман дакъош | Толлучу чулацаман дакъойн код | Толлучу хаарийн код | Кхочушдинчу тIедилларан лаккхара балл | ТIедиллар кхочушдан гергарчу хьесапехь йелла хан (минот) |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **Дешан тайп-тайпана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложении синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар:**<br>текстан анализ а, текстан коьрта билгалонаш йовзар а;<br>тема а, коьрта маьIна а, коьрта дешнаш а, микротемаш а къасто хаар; къамелан гIуллакхан-маьIнин тайпанаш къастор а, ишттта тайп-тайпанчу кепехь告 тексташ кхоллар а, церан дIахIоттаран норманаш ларйар а.<br>**Къамелан гIуллакхдаран некъаш кхиор (ладогIар, йешар, йоза):**<br>къамелан гIуллакхан-маьIнин тайпанаш (дийцар, суртхIоттор, ойлайар), меттан гIуллакх даран башхаллаш къасто хаар а;<br>текстера хаамех кхетар а, барта а, йозанан кепехь а цуьнан чулацам схьакховдо хаар. | 8.1<br>8.4<br>8.6<br>9.2<br>9.3<br>9.1<br>7.18<br>6.1 | 2.1<br>2.4<br>3.1<br>3.3<br>3.5<br>3.6<br>3.8 –3.10 | 5[1] | 90 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | **Дешнийн бараман хьал кхиор; къамел даран кепе а, хьоле а хьаьжжина, ойланаш, синхаамаш паргIат бийцархьама, къамелехь пайдаоьцучу грамматически гIирсийн барам алсамбаккхар:** барта а, йозанан а къамел хIотторехь дошамех пайдаэца хаар, дешан лексически маьIна (нийса а, тардина а) къасторна оьшу хаамаш схьаэцаран Iалашонца дошамех пайдаэцар; нийсаяздаран дошамех пайдаэцар | | | | |
| 2 | **Дешан тайп-тайпана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложенин синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар:** синтаксисан коьрта дакъош довзар; предложенин синтаксически анализ кхочушйар;<br>предложенин коьртаза меженаш, предложенин цхьанатайпана меженаш, предложенин шакъаьстина меженаш, тIедерзарш, йукъадало дешнаш довзар; предложенин грамматически лард билгалйаккхар;<br>чолхе предложени йовзар | 5.1 – 5.14 | 1.1 | 1 | 13 |
| 3 | **Литературни меттан коьрта норманаш а (лексически, грамматически, орфографически, нунктуационни, стилистически), къамелан оьздангаллин норманаш а карайерзор, барта а, йозанан а белхаш кхочушдеш, царах къамелехь пайдаэца хаар а:** диалогехь, цитированехь, ма-дарра къамелехь, цхьалхечу а чолхечу а предложенешкахь, предложенин чаккхенехь сацаран хьаьркаш хIитторан бакъонех пайдаэцар | 7.1 – 7.19 | 1.1 | 1 | 13 |
| 4 | **Дешан тайп-тайпана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологи-** | 5.1<br>5.14 | 1.1 | 1 | 10 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | **чески), предложении синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар:** синтаксисан коьрта дакъош довзар; предложенин синтаксически анализ кхочушйар; предложенин коьртаза меженаш, предложенин цхьанатайпана меженаш, предложенин шакъаьстина меженаш, тIедерзарш, йукъадало дешнаш довзар; предложенин грамматически лард билгалйаккхар; чолхе предложени йовзар | | | | |
| 5 | **Литературни меттан коьрта норманаш а (лексически, грамматически, орфографически, пунктуационни, стилистически), къамелан оьздангаллин норманаш а карайерзор:** барта а, йозанан а белхаш кхуллуш, къамелехь меттан норманех пайдаэца хаар; дош нийсайаздаран бакъонех пайдаэцар; гIуллакхан къамелан дакъош нийсайаздаран бакъенаш караерзор а, царах йозанехь пайдаэца хаар а; дош нийса сехьадаккха хаар; цIердешнийн, билгалдешнийн, цIерметдешнийн, терахьдешнийн, хандешнийн кепаш бакъенашца хийцар | 6.1 – 6.14 | 1.1 | 1 | 13 |
| 6 | **Тайп-тайпана йешаран кепаш хаар; йешначу публицистически, исбаьхьаллин, дешаран-Iилманан тайп-тайпанчу текстийн чулацамах нийса кхетар (дийцар, суртхIоттор, ойлайар), барам 400-450 дашал кIезга боцуш:** йозанца тема а, текстан коьрта маьIна а къастор, текстан чулацамца догIуш, хаттаршна жоьпаш далар | 8.1 | 2.1<br>2.3<br>2.4 | 1 | 12 |
| 7 | **Нохчийн меттан коммуникативни-эстетически таронех пайдаэцар:** къамелехь синтаксисан, лексикин, фонетикин суртхIотторан гIирсийн коьрта тайпанаш довзар а, церан характеристика а (эпитет, метафора, гипербола, олицетворени, дустар, | 10.1 | 1.1 | 1 | 12 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | дустаран карчам, фразеологизм, синонимаш, антонимаш, омонимаш) | | | | |
| 8 | **Дешан тайп-тайиана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложении синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар:**<br>дешан а, масех маьIна долчу дешан а, стилистически башхалла йолчу дешан а лексически маьIна а, царах пайдаоьцу меттиг а билгалйаккхар; синонимаш, антонимаш йалор | 2.1 – 2.5 | 1.1<br>1.3 | 1 | 12 |
| 9 | **Коммуникативни ойланца а, темица а, Iалашонца а цхьаьнадогIуш алар кхолларехь меттан башхаллаш нийса къасто хаар:**<br>къамелан гIуллакхан-маьIнин тайпанаш къастор а, иштта тайп-тайпанчу кепехь тексташ кхоллар (дийцар, суртхIоттор, ойлайар), дахарехь зеделлачунна тIе а тевжаш; йешначу текстера хаамаш йозанца схьабийцар;<br>нохчийн литературни меттан норманаш йозанехь ларйар.<br>**Дешнийн бараман хьал кхиор; къамел даран кене а, хьоле а хьаьжжина, ойланаш, синхаамаш паргIат бийцархьама, къамелехь пайдаоьцучу грамматически гIирсийн барам алсамбаккхар:** барта а, йозанан а къамел хIотторехь дошамех пайдаэца хаар, дешан лексически маьIна (нийса а, тардина а) къасторна оьшу хаамаш схьаэцаран Iалашонца дошамех пайдаэцар;<br>нийсайаздаран дошамех пайдаэцар | 6.1<br>7.18<br>8.1<br>8.2<br>8.6<br>9.1– 9.3 | 2.1 – 2.4<br>3.2 – 3.5<br>3.7 – 3.10 | 9 [1] | 60 |
| | Дерриге тIедахкарш – **9**.<br>Царах доцца жоп даларан – **7**; даьржина жоп даларан – **2;**<br>чолхаллин барамца: Б – **9**<br>Лаккхара йуьхьанцара балл – **31**.<br>Болх кхочушбарна хан – **235 минот**. | | | | |

[1] 1-рий, 9-гIий тIедахкарш толлуш, экзамен лучун йозанан къамел ма-дарра а, нийса а дIайаздаран мах хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх, сочинени талларан буха тIехь цхьаьна **10** баллаца хадабо.